дәнекерлер менен бирге жанапайлар шығарма тилинде айрықша көркемлик оттенокларды бериўде таңлап алынған. 4.Көркем шығарма тилинде ҳәр бир көмекши сөз белгили стиллик мақсетлер ушын пайдаланылған. 5.Қарақалпақ тил билиминде көркем шығармалар тилин стиллик көзқарастан еле де өз алдына тереңирек изертлеўди талап ететуғын мәселелерден болып саналады.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А.Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш. –Ташкент: «Мәнаўият», 2008, 83-б.
2. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981, 256-б
3. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. – Нөкис: «Билим», 1994, 395-б
4. Ерназар Дәўен улы.Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. – Нөкис: «Билим», 1994, 94-б
5. Дәўлетов А., Қудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. –Нөкис: «Билим», 2010, 240-б



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада таниқли ёзувчи, прозаик Т.Қайыпбергенов асарларида юкламаларнинг услубий қўлланилиши сўз этилган. Асосан, асар қаҳрамонлари ва персонажлар тилида юкламаларнинг маҳорат билан ишлатилиши мисоллар орқали далилланган. Бадиий асар тилида ёрдамчи сўзларнинг хизмати таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается стилистическое использование частиц в произведениях известного писателя, прозаика Т.Каипбергенова. В основном, посредством примеров доказано умелое использование частиц в речи героев и персонажей. Проанализирована функция служебных слов в языке художественного произведения.

**SUMMARY**

The article deals with the methodological use of prepositions in the works of the famous prose-writer T. Kaypbergenov. Basically, the borrowings the main characters and the personages of the work use skillfully in the language are proved with the examples. The function of auxiliary words assumed to be in the literary language is analyzed.


## Ádebiyattanıw

# А.ДАБЫЛОВТЫҢ «БАҲАДЫР» ДӘСТАНЫНДА ФОЛЬКЛОРЛЫҚ МОТИВЛЕР


**Е.Алланазаров –** *филология илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** достон, миллий эпик фольклористик анъана, фольклор, ландшафт поэзия, композиция.

**Ключевые слова:** дастан (эпос), национально-эпические традиции фольклора, фольклор, ландшафтная поэзия, композиция.

**Key words:** dastan (epos), national epic traditions of folklore, folklore, landscape poetry (Nature Poetry) composition.


Фольклор – руўхый азықланыўдың мәденияттың ең әййемги ҳәм айрықша түри болып, ата-бабаларымыз оннан тәлим-тәрбия барысында мектеп сыпатында пайдаланған.

Илимпаз Ф.И.Буслаевтың "–оның нәтийжели тәсиринен инсанның бесиктен қәбирге шекемги пүткил өмир ағысына хызмет етти", -деп көрсетеди.

Инсан руўхый, мәдений турмысының ҳәр қыйлы ағыслары сәўлеленген фольклор тарийхы көркем жазба әдебияттың тийкары, тырнақ тасы сыпатында хызмет етип, оннан көркем сөз усталары Наўайы, Пушкин, Гоголь, Бердақ, Әжинияз, Аббаз, Садық, Тилеўберген қусаған сөз шеберлери өз дәстанлық дөретпелерине тийкар етип алған. Образ дөретиўде, идея, пайда етиўде өзлериниң жеке дәстанларында мазмунлы пайдаланған ҳәм жаңа қаҳарманлар образларын пайда еткен.

Көркем сөздиң қәлиплесиўинде фольклорлық шығармалардың роли айрықша болып, әсиресе жаслардың дүнья танымын қәлиплестириўде айрықша мектеп боланлығын белгили лингвист илимпазлар Н.А.Гвоздев, С.Е.Ефимов, В.В.Виноградов, Е.Бердимуратовлар да мойынлайды. Әсиресе, фольклорлық шығармалар жаслардың өз миллетиниң тарийхы, дәстүрлери, үрп-әдетлери менен тереңтанысыўға тийкар болғанлығын фольклорист илимпазлар Н.Дәўқараев, Қ.Аймбетов, Қ.Мақсетов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергеновлар айрықша мақтаныш пенен өз мийнетлеринде атап көрсетеди.

Қарақалпақ фольклоры ерте заманлардан баслап мың жыллық узақ дәўирлерди өз ишине алған, фольклорлық мотивлер ҳәм дәстүрге тән қаҳарманның образы реал ўақыялар, ҳәрекетлер менен сүўретленген, композициялық қурылысы жағынан барлығы тегис шығарма мазмунын қурайтуғын дәстанлар фольклорымызда белгили орынды ийелейди.

Қарақалпақ әлипбеси тилди меңгериўдиң дәслепки басқышы болып, хызмет етсе, фольклордағы әлипбе халқымыздың руўхый мәдениятын, миллий әдебиятын түсиниўге хызмет етеди. Фольклорымызға, дәстаншылыққа итибар бериў арқалы миллийликти өзлестириўге ерисиледи.

Орта әсирлерде жасаған сөз зергерлери сыпатында пүткил түркий әдебияты әлеминиң мақтанышы болған Наўайы, Физулий, Фердаусий, Мақтымқулы, Абай, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шайырлар өз дәўириниң ҳәм кейинги әўладлардың данышпан шайырлары мәңгилик өшпейтуғын сөзлер менен әўладларға нәсиятлар жазып қалдырған. Мине, жоқарыдағы уллы шайырлардың жолын өзиниң туўма таланты, зейни, әдебиятымызға деген меҳри менен суўғарылған Аббаз Дабылов та өз дәўириниң классик шайыры иретинде көплеген нәсият қосықлар, дәстанлар дөретти.

А.Дабылов қарақалпақ фольклорлық дәстүрди раўажландырыўға салмақлы үлес қосқан сөз шеберлериниң бири сыпатында танылды. Миллийлигимизде өзгелерден ажыралып туратуғын, халқымыздың мақтанышы болған дәстаншылық дәстүри тийкарында эпикалық шығарма дөретиў арқалы оны тағы да раўажландырды, көркемлик өзгешелиги менен байытты.

Сөз таңлаўда, оларға көркем мәнилик жүклеўде өз заманының алдыңғы қатарында болып, дәстан қатарлары инсан жүрегинен орын алып, тереңтамыр жаратып бара береди. Белгили қазақ илимпазы, көркем сөз шебери О.Сулейменов: «Әдебиятта сөз сүўрети, сести, бояў ийиси болатуғыны белгили. Булар сақланбаса шығарма сыйдам, тәсирсиз болып қалады, оқыўшыны өзине тарта алмайды»,-деп пикир билдиреди. Сен жазсаң мен де жазайын, аямайын тилдиң майын, деп дәстан қатарларын қуры уйқасқа қурмастан, бириншиден, фольклорлық дәстаншылық дәстүрге сүйенип, екиншиден өзи де оны реал турмыслық ўақыялар менен байытыўға умтылған ҳәм оған ерискен.

Профессор Ә.Пахратдинов – дәстанның халық дәстанлары мотивинде жазылыў шеберлиги болса, екиншиден, сөз қудиретиниң аса талант ийеси тәрепинен тереңмәниде уйқасықлы берилиўи, үшиншиден ўақыялар композициясының ықшамлы, избе-из қурылыўы, мәнили сөз дизбеклериниң адамды өзине ерксиз тартыўы. Төртиншиден, шайыр тилиниң майлылығы қәлеген оқыған адамды ерксиз тағы-тағы

тәкирарлап оқыўға мәжбүр ететуғын еди”,- деп атап көрсетиўи де сөзимиздиң айқын дәлили бола алады.

Халық аўызеки әдебияты бизиң анамыз сыяқлы болса, оны тағы да раўажландырыўшы көркем сөз устасы болады, себеби, бала ата-анадан алық болыўы керек, соған жуўап ретинде, қосық сөздиң патшасы, сөз сарасы мақалға садық ҳалда дәстанда образ жасаўда шайыр өзиниң алықлығын да көрсете алғанлығы менен ажыралып турады.

Дәстанда қаҳарманның (Шынаргүлдиң) перзентине (Арысланға) нәсиятлаў қатарлары менен халықлық миллий эстетиканы басшылыққа алған, миллет турмысына, минезине, психологиясына сай ықшам қатарлары менен оқыўшыны ерксиз өзине тартады.

Мийнет палын билмегенлер,
Мәжилисти бир көрмегенлер,
Басы топқа кирмегенлер,
Азамат қәдирин билмес.
Баҳа бермей ақ-қараға,
Түспей қараңғы жыраға,
Мүтәж болмай тас шыраға,
Гәўҳардың қәдирини билмес.

Келтирилген қатарларда мийнет түби рәҳәт (пал), жәмлесип бас қосыў (басы топқа кириў), жигит қәдирин билиў (Азамат қәдирин билмеў), жақсы-жаман парқына барыў (баҳа берме ақ-қараға), мүтәжликтиң қәдирине жетиў (мүтәж болмай тас шыраға), сыяқлы пикирлерди нәсиятлап келтиреди.

Бундай қатарлар фольлорлық дәстанларда да, мысалы «Алпамыс» дәстанында ушырасады. Мысалы, Гүлпаршынның Алпамысқа төмендегише нәсият айтып турғанын көремиз:

Сабыр әйле палўан, сабыр әйле,
Сабырлы жетер муратқа,
Сабыр әйлесең рахмет бар,
Бийсабыр болсаң нәлет бар,…
Атың озса, оздырып ал,
Атың қалса байрақтан,
Арың қалса қалмақта,
Ақ билектиң күши менен,
Ақ найзаның ушы менен,
Батырлығынды билдирип ал,…

Фольлорлық дәстандағы нәсиятлаў менен «Баҳадыр» дәстанындағы жол-жоба, туўрылыққа бағдарлаўшылық пикирлери үнлесип келип, олар арасында дерлик пикир жақынлығы, адамгершилик, туўры сөзлик, мийнет түбиниң рәҳәти қусаған мәни жақынлығын сеземиз ҳәм шайырдың фольклорлық дөретпелер мазмунына, поэзиялық талғамларына қанық екенлиги айқын көринеди.

Гармония менен ырғақ сыяқлы фольлорлық дәстүрге еликлеўде көркем сөз усталары тәбиятына тән болған фольклорлық дәстанға еликлеў арқалы оны тағы да раўажландырып, аўызеки инпровизациядан өзгеше шығарма дөретип, эпикалық шығармалардағы сыяқлы өзине сай мәни-маңызлылық нормаларын сақлай отырып, өзиниң дәстүрий поэзиялық өлшеми, баянлаў сыпаты сақланыўы шәрт қәсийетлери бар болса, булардың барлығы дәстанда сақланғанлығын көремиз.

Уллы шайырлар халық пенен халықты, улыўма халықлық аўызеки поэтика менен жазба дөретпелерди жақынластырады, баўырластырады, соның менен бирге миллетти, халықты тәрбиялайды. Баҳадыр дәстанында ата-ананың меҳри, жүрек сезими, перзентке деген муҳаббаты дәстанда тәсирли қатарлар, төртликлер, утымлы ҳәм тәсирли сөз байланыслары, жарасықлы сөз образлылығы ушырасады. Мысалы, шайыр өз дөретиўшилик талантына сүйенип жаратқан дәстанында Шынаргүлдиң баласы Арысланға болған ана меҳирине нәзер аўдарсақ, поэтикалық қатарларда дидактикалық, психологиялық ҳәм философиялық мәни өлшемлери арқалы өз баласы менен бирге пүткил жәмийетшиликти тәрбиялаўшы пикирлерди ушыратамыз.

"Мен айтайын балам Сизге өтинип,
Өмиримниң даўамы келди жетилип,
Отыз тисим он бес жерден кетилип,
Дурыслап шеше алмадым бир нәҳәр балам.
Балам шашылып жүр кеўлимниң жәми,
Ғаррылық бир кесел, жоқ екен еми,
Аўзыма пал салсам билинбес дәми,
Ҳасла мазасы жоқ бир зәҳәр балам.
Жалғыз өзим от басына сыймасам,
Мен келинсиз ғарры жанды қыйнасам,
Мен сениң пуштыңнан ақлық сүймесем,
Көклемеген менде бир бәҳәр балам,…

Дүньялық әдебияттың ири ўәкиллери Наўайы, Мақтымқулы, В.Гюго, А.Пушкин, Абай, Бердақ ҳәм т.б лар қусаған уллы көркем сөз усталарының поэзиясында жарасықлы, халықлық талғамға мүнәсип, мәнили шешенлик үлгилерди көплеп ушыратамыз. Олардың дөреткен шығармаларында түсиниги әпиўайы, бирақ тәсирлилиги шынлы, өз халқының тил байлықларын, айрықшалықларын сайлап шаншып пайдаланғанлығы сезилип турады. Бундай сезимталлық А.Дабылов дәстанында да салмақлы сөз, бай мәнили тәсиршеңлик, пафосшыллық аттан анық көринип турады. Илимпаз Ә.Пахратдинов айтқанындай, - «Қосықтағы шырайлы избе-из ойлар, олардың уйқасып келиўи, бууын қатарларының сәтли шығыўы жүзикке жарасықлы қас қондырғандай болып турыўы ҳәр бир оқыўшыны таңландырады. Бул шайырлық пенен шешенликтиң ушласып келиўинен тийкар береди. Қудай таала инам еткен шайырлық талант шешенлик, дилўарлық әлеми менен беккем байланысқан».

Көркем әдебияттың шын халықшыл ўәкили болыўға бел байлаған А.Дабылов «Баҳадыр» дәстанының көркем поэтикасы арқалы адам сана- сезимин жүректи тербетиўши қатарлар арқалы оятыўды терең жуўапкершилик пенен уғынан сөз устасы сыпатында турмыс қыйыншылықларын шешиўди салмақлы философиялық сөзлери, пикирлери арқалы реаль сүўретлеп бере алған сөз шебери есапланады, Сонлықтан да оның поэзиясы, соның ишинде, «Баҳадыр» дәстаны миллийлиги, халықшыллығы, тәкирарланбаслығы, бай көркем поэтикасы, образлылығы, тәсиршеңлиги менен, турмысты көркем интерпретациялық таллап түсиндириў арқалы халық жүрегинде сақланады.

**Әдебиятлар**


1. Алпамыс дәстаны. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
2. Дабылов А. Баҳадыр дәстаны. 3-том. -Н.: 1972
3. Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың дәстанлық шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
4. Сулейменов О. Очертания слова. –Алматы: 1997.
5. Поляков М. Вопросы поэтики и художественной семантики. -Москва:1978.
6. Бекбергенова М. Қарақалпақ әдебиятында дәстүр, мийраслылық ҳәм көркем аўдарманың айырым әҳмийетли мәселелери. -Нөкис: «Билим» 2004.
7. Жаримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 2004.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада халқ шоири А.Дабиловнинг «Ханаласлар» («Ҳамсуҳбатлар») достонини яратишда халқ оғзаки ижоди достонларидаги анъанавий дастурлардан фойдаланганлиги, анъанавий дастурлар воситасида реалистик ҳаётнинг янги қирраларининг ёритилиши, шунингдек, халқ шоирлари достонларидан руҳланиб, чуқур фалсафа ва патриотизмга, айниқса, халқлар дўстлигига,

реал ҳаётий турмуш тарзи билан боғлиқ туйғуларга бой асар юзага келганлиги ҳар томонлама илмий жиҳатдан талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье речь идёт об использовании народным поэтом А.Дабыловым в создании дастана «Ханаласлар» традиционных обычаев фольклорных эпических дастанов, об освещении реалистических новых граней традиционных обычаев. А также, проводится всесторонний научный анализ того, что данное произведение вызывает у поэтов чувства, связанные с образом реальной жизни, с дружбой народов.

**SUMMARY**

In the article is devoted to the using of traditional customs of folklore epic dastans, by the folk poet A.Dabilov showing realistic new verge of traditional customs in creating the dastan “Bahadir”. It is also analysed that the given work evokes in readers the feelings, connected with the image of real life and with people’s friendship.

## HIKOYALARDA TARIXIY SHAXSLAR – TARIX BEZAGI

**Z.M.Amirqulova** – *oʻqituvchi*
*Termiz davlat universiteti*

**Tayanch so’zlar:** tarix, hikoya, adabiyot, obraz, mustaqillik, ijodkor, muallif, Mahmud Gʻaznaviy, Firdavsiy, Beruniy.
**Ключевые слова:** история, литература, образ, независимость, создатель, автор, Махмуд Газнавий, Фирдавси, Беруни.
**Key words:** history, literature, image, independence, creator, author, Mahmud G’aznaviy, Firdausiy, Beruniy.

Istiqlol tufayli qayta tiklanayotgan milliy tariximizni toʻgʻri anglash uchun uni badiiy adabiyotda haqqoniy aks ettirish talab etiladi. Ijodkorlarimiz shu masuliyatni chuqur his qilib, ijodiy erkinlikdan foydalangan holda tarixiy mavzuda koʻplab asarlar yozdilar. Ularda Beruniy, Amir Temur, Mirzo Ulugʻbek, Mahmud Koshgʻariy, Mahmud Zamaxshariy, Alisher Navoiy kabi ajdodlarimiz obrazlari mahorat bilan yaratildi. Istiqlol davri oʻzbek adabiyotidagi oʻziga xos oʻzgarishlar bugungi adabiy jarayonda tahlil etilmoqda. Istiqlol davri oʻzbek adabiyoti inson hayotidagi turfa xil iztiroblarni, ziddiyatlarni, inson tafakkuridagi oʻzgarishlarni haqli ravishda tasvirlash an’anasini yuzaga chiqardi. Fikr va ruhning yangilanishi estetik qarashlarning ham bugungi kun nuqtayi nazaridan oʻzgarishiga sabab boʻlmoqda. Istiqlol davri oʻzbek adabiyotining xarakterli jihatlari haqida bir qator ijodkor va adabiyotshunoslar asosli mulohazalarini qayd qilganlar. Jumladan, taniqli adabiyotshunos olim Q.Yoʻldoshev bu toʻgʻrida quyidagi fikrlarni bayon etgan edi: “Istiqlolga erishilgandan keyin yaratilgan koʻpgina asarlarda oliy rutbaga koʻtarilgan, dunyo yaralishining sababi, adoqsiz ilohiy nur ila yoʻgʻrilgan zot deb qaralgan insonning hayvoniy va shaytoniy nafsi bois gunohga moyil hamda oʻsha gunohlar tufayli qabihliklar ham qilishga qodir, ayni paytda qilgan gunohlari sabab qiynaladigan oʻta murakkab mavjudod ekani tasvirlanmoqda. Istiqlol adabiyoti insonni joʻnlikdan, toʻporilikdan, anchayinlikdan qutqardi. Uni murakkablashtirdi, noziklashtirdi, bir xil qarashlar tizimi bilan tushunib ham, tushuntirib ham boʻlmaydigan injiqroq ekanligini roʻy-rost aks ettira boshladi” [1:16-17].

Istiqlol davri badiiy – estetik tafakkuridagi bunday oʻzgarishlar olam va odamga teranroq nazar solish va globallashuv jarayonida kechayotgan oʻzgarishlarni badiiy talqin etar ekan, estetik ideallarning, yoki jahon adabiyotidagi yetakchi tamoyillarni badiiyat tarkibiga kirib kelishi bilan ham uzviy bog’liqdir. Shuning uchun adabiyotshunos N. Rahimjonov istiqlol davri adabiyotining xarakterli jihatlarini quyidagicha izohlagan edi: “Istiqlol adabiyotining muhim fazilatlarini, oʻziga xos xususiyatlarini belgilab beruvchi bir qator yetakchi tendensiyalar koʻzga tashlanadur. Chunonchi, millatning oʻz-oʻzini anglashida, oʻzlikni qadrlashi va ulugʻlashida, milliy iftixor tuygʻularining shakllanishida badiiy tafakkur madaniyatining sifat oʻzgarishlari namoyon boʻlayotir. Yana bir yetakchi tamoyil – bu adiblarimiz xoh tarixiy voqelikka, xoh diniy gʻoyalarga, xoh bugungi kunga murojaat etishadimi, mohiyat ham millat birligini ta’minlashga qaratilgan ijtimoiy-falsafiy konsepsiyasi bilan ajralib turadi” [2:11].

Badiiy adabiyotning asosiy vazifalaridan biri tarixiy oʻtmishda sodir boʻlgan voqealar, yaqin yoki olis oʻtmishda yashagan tarixiy shaxslarga bagʻishlangan asarlar yaratishdir. Ilmiy tadqiqotlardan farqli oʻlaroq, yozuvchi tarixiy mavzudagi asarda tarix haqiqatiga suyangan holda toʻqimadan ham samarali foydalanadi. Yozuvchi tarixiy shaxslar bilan birga shu shaxslar obrazini yorqin mujassamlantirish, tasvir etilayotgan davr manzarasini keng va atroflicha yoritish maqsadida toʻqima qahramonlar obrazini asarga olib kiradi [3:5].

Uzoq tarix silsilasidagi ulugʻ insonlarning oʻtmishda tutgan oʻrni va egallagan mavqeyi haqida fikr yuritish hamma zamonlarda ham murakkab kechgan. Zero, insoniyat tarixida jamiyatni oʻz qoʻli ostida boshqarib, hayotning yana boshqa sohalarida faoliyat koʻrsatib oʻchmas iz qoldirgan tarixiy shaxslar haqida atroflicha soʻz yuritish chuqur ilmiy mushohada va salohiyatni, keng va teran tafakkur egasi boʻlishni, shu bilan birga xolislikni talab etadi.

Ushbu jihatlarni oʻz oldiga maqsad qilib olgan taniqli hikoyanavis Rahimjon Otayev ham oʻzining “Tavba” hikoyasida bir qator tarixiy shaxslar obrazining haqqoniy chizgilarini koʻrsatib oʻtadi.

“Tavba” hikoyasi “Mahmudlar” turkumiga kiruvchi uchinchi hikoya boʻlib, unda Gʻaznaviylar sulolasidan boʻlgan hukmdor sulton Mahmud Gʻaznaviyning, shuningdek, mashxur allomalar: Abu Rayxon Beruniy, Abulqosim Firdavsiylarning hayoti va ijodi bilan bogʻliq hodisalar real voqealar asosida tasvirlanadi.

Gʻaznaviy shaxsi haqida toʻxtalar ekanmiz, uning Movarounnahr hududida turkiy davlatlaridan biri Gʻaznaviylar davlati podshohi boʻlganligi va uning otasi Sabuktegin boʻlganligini eslab oʻtamiz. Shuningdek, Mahmud Gʻaznaviy ulugʻ olim Beruniy va jahonga mashhur alloma Abulqosim Firdavsiylar bilan bir davrda Gʻazna shahrida yashaganliklarini yodga olamiz [4:196].

Yozuvchi hikoyaning boshlangʻich qismini oʻttiz yildan soʻng dunyo yuzini koʻrgan butun dunyoga mashhur alloma Abulqosim Firdavsiyning “Shohnoma” asarini yaratganligi va bu asar sulton Mahmud Gʻaznaviyga taqdim etilganligi, uning bu asarni mutolaa qilganligi haqidagi epizodlarni quyidagicha tasvirlar orqali ifodalaydi: “Sulton Mahmud Gʻaznaviy shoiri zamon Abulqosim Firdavsiyning “Shohnoma” asari mutolaasini nihoyasiga yetkazib, qattiq hayajonlanganidan beixtiyor oʻrnidan turib ketdi”. Tasanno! – xitob qildi oʻzicha.

– Mayli, turkiyda boʻlmasa forsiyda, har qalay, jahon adabiyotida misli koʻrilmagan olamshumul asar boʻlibdi-ku bu! Nafaqat Eron bilan Turonda, Arab bilan Ajamda, bu yogʻi – Chin-u Mochin, u yogʻi – Hind-u Sindda, hatto butun bashariyat tarixida bunaqangi asar boʻlmagan! Eron bilan Turonning oʻzaro munosabatlari atroflicha qamalga olingan chinakamiga shohona asar-ku bu! Oʻttiz yil mobaynida oʻzim bunyod etgan ulugʻ saltanatim dovrugʻini yetti iqlimga-yu yetti pushtimga yetkaza oladigan eng umriboqiy asar bu! Qalamravimda shunday bir asarning dunyoga kelganini koʻrishni muyassar qilganing uchun Oʻzingga beadad shukur, Parvardigori olam! Oʻttiz yil mushtoqlik bilan kutib boʻlsam-da, axiri shunday bir shoh asarni koʻrar kunim bor ekan-a bu oʻtkinchi dunyoyi dunda!”

Agar tarixga nazar tashlaydigan boʻlsak, Mahmud Gʻaznaviy hukmronligi davrida mamlakatni odillik bilan boshqargan hukmdorlardan hisoblanadi. Uning hukmronligi davrida ilm-ma’rifat, san’at, adabiyot gullab-yashnadi, desak mubolagʻa qilmagan boʻlamiz.

Asarni oʻqib chiqqan Sulton Mahmud Gʻaznaviy qalbida oʻzgacha bir faxr va muallifga nisbatan yuksak bir iftixor tuygʻusini tuyub, koʻz oldida roppa-rosa oʻttiz yil avvalgi bir tarixiy voqea qayta jonladi: “Oʻshanda otasi Amir Sabuqtegin, taxtiga endigina oʻtirgan qirchillama yigit edi. Mamlakatdagi